

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskrripsikeun interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data, bisa dicindekkeun yén dina karangan pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015 kapanggih ayana interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda kalawan jumlah 325 kalimah.

Wangun interférénsi nu aya dina éta karangan panglobana (59,08%) aya dina wangun léksikal. Pangsaeutikna (4,00%) aya dina wangun morfologis. Sésana aya dina wangun sintaksis jeung fonologis.

Dina wangun fonologis, interférénsi nu muncul aya dalapan pola. Umumna (17,54%) aya dina pola ngaganti foném vokal basa Sunda ku foném vokal basa Indonesia. Pangsaeutikna (0,30%) aya dina pola ngaganti foném vokal kalawan nambahan foném konsonan, jeung pola ngaganti foném vokal kalawan ngaleungitkeun foném konsonan. Sésana aya dina pola ngaganti foném konsonan basa Sunda ku basa Indonesia, pola nambahan foném konsonan, pola ngaleungitkeun foném konsonan, pola nukeurkeun posisi foném vokal kalawan ngaleungitkeun foném konsonan, pola ngurangan engang, jeung pola ngagunakeun diftong basa Indonesia.

Dina wangun morfologis, interférénsi nu muncul umumna (3,69%) aya dina wangun kecap rundayan. Sésana (0,30%) aya dina wangun kecap rajékan.

Dina wangun sintaksis, interférénsi nu muncul umumna (46,46%) aya dina wangun frasa. Sésana (0,92%) aya dina wangun kalimah.

Dina wangun léksikal, interférénsi nu muncul umumna (26,46%) mangrupa kecap barang (nomina). Pangsaeutikna (0,30%) mangrupa kecap bilangan

(numeralia). Sésana mangrupa kecap pancén (partikel), kecap pagawéan (vérbal), jeung kecap sipat (adjéktiva).

Denis Erla Bayu, 2015

Interferensi basa Indonesia kana basa sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII - 7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014 / 2 015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu perlu ditepikeun.

a. Pikeun Guru

Dina nulis karangan pangalaman pribadi, siswa loba kénéh ngagunakeun kekecapan anu kapangaruhan ku basa Indonesia. Éta hal téh bisa jadi cecekelan pikeun guru sangkan leuwih jero deui dina ngajéntrékeun mana anu kaasup kana basa Indonesia jeung mana anu kaasup kana basa Sunda boh dina fonologisna, gramatikalna, atawa dina léksikalna. Dina pangajaran nulis, hasil tulisan siswa lain ngan saukur dipeunteun wungkul, tapi kudu dipariksa tuluy dioméan nu salahna sarta dituliskeun catetanana keur siswa. Éta hasil mariksa téh tuluy bagikeun deui ka siswa, sangkan siswa nyaho yén dina tulisanana téh masih kénéh aya nu salah.

b. Pikeun Siswa

Siswa kudu leuwih merhatikeun deui tulisanana, lantaran teu sakabéh huruf nu aya dina basa Indonesia sarua jeung huruf nu aya dina basa Sunda. Kitu ogé dina ngararangkénan siswa kudu bisa ngabédakeun mana rarangkén dina basa Sunda, mana rarangkén dina basa Indonesia. Salian ti éta, siswa kudu leuwih ngeuyeuban deui kosa kecap basa Sundana, ulah nepi ka nyampurkeun kekecapan basa Sunda jeung basa Indonesia.

c. Pikeun Panalungtik Satuluyna

Pikeun panalungtikan satuluyna dipiharep aya nu nalungtik interférénsi kana basa Sunda teu ngan saukur tina basa Indonesia wungkul, tapi bisa ditambahan jeung basa séjén upamana tina basa Inggris, sabab jaman kiwari mah siswa téh lain ngan saukur meunang pangaruh tina basa Indonesia, tapi loba ogé kapangaruhan ku basa ti saluareun basa Indonesia saperti basa Inggris.

Salian ti éta, dipiharep aya ogé panalungtikan ngeunaan interférénsi kana basa Sunda tapi lain dina wangun tulisan, nya éta dina wangun paguneman siswa. pagunemanana mah bisa dina proses pangajaran saperti pangajaran drama, bisa ogé dina paguneman sapopoé siswa di sakola.